

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa mangrupa mahluk sosial nu teu lepas jeung mahluk séjénna. Manusia ngagunakeun basa pikeun alat komunikasi jeung papada mahluk lianna. Éta sababna, basa teh jadi ciri has kamanusaan. Kulantaran gedé gunana pikeun hirup kumbuh di masarakat, basa diperlukeun tuluy-tumuluy pikeun komunikasi jeung ilmu pangaweruh dina kahirupan sapopoé.

Basa téh nya éta hiji sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh entep seureuhna (sistematis) tur ragem (konvensional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunitas (Sudaryat, 2014 kc.1).

Basa nu digunakeun sapopoé ku santri asrama putra nya éta ngagunakeun basa Sunda jeung basa Indonesia. Sabab, santri-santri nu datang ka Pasantrén Persis Tarogong teu sakabéh orang Sunda, tapi teu saeutik ogé nu datang ti luar daérah Sunda. Santri nu asal orang Sunda ogé teu ngan wungkul orang Garut, tapi loba ogé nu ti luar Garut. Contona ti daérah Tasik, Bandung, Sukabumi, Jakarta, Banten, Bogor, Sumedang, Ciamis jeung sajabana.

Santri teh nya éta murid nu diajar agama Islam di Kiai (Danadibrata, 2015 kc.209). Kagiatan bianatara atawa ceramah di Pasantrén Persis Tarogong geus jadi rutinitas sapopoé unggal tas bérés solat ashar, magrib jeung isya. Dina ieu kagiatan santri diperedih bisa ngomong atawa nyarita dihareupeun jalma réa pikeun nepikeun materi ka-Islaman, boh ngagunakeun basa Sunda atawa basa Indonesia.

Sacadibrata dina Haerudin (2013, kc.72), netelakeun yen biantara nya éta nyarita dihareupeun jalma balaréa, jalma réa. Dina biantara anu nyarita mangrupa tokoh anu jadi puseur paninggal balaréa. Tarigan dina Haerudin jeung Suherman (2013, kc.117) nyebutkeun yén biantara téh minangka aksi panyatur pikeun

Rizal Shidiq Muttaqin, 2018

SIKEP SANTRI KANA BASA SUNDA : Ulikan Sosiolinguistik di Asrama Putra Pasantrén Persis Tarogong Garut.
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nepikeun hiji hal sacara ngahaja jeung miboga sifat formal. Sedengkeun ngabandingan atawa nitenan kalawan saregep tur taliti minangka reaksi ti pihak pangregep.

Nilik kana kaayaan, naha santri téh geus bisa nyumponan ngagunakeun basa Sunda dina nepikeun biantara. Sabab, santri nu engkéna bakal ilu biung kana kamasarakatan pikeun nepikeun saréat Islam (dakwah) sangkan bisa katarima matéri anu ditepikeun ngagunakeun basa Sunda nu bener. Lian ti éta, naha sikep santri geus némbongkeun kareueus kana basa Sunda. Nujadi patarosan, naha santri téh nyangkem kana pedaran biantara nu ditepikeunna maké basa Sunda ?.

Dina ulikan sosiolinguistik aya nu disebut sikep basa. Nurutkeun Anderson dina Chaer jeung Agustina (2014, kc.151), yén sikep basa téh nya éta tata kayakinan atawa kognisi hiji basa, anu saupama sifatna positif bisa ngajamin kalumangsungan hiji basa nya éta ngukuhan basa téa, tug kitu deui sabalikna saupamana négatif.

Nurutkeun Garvin jeung Mathiot dina Chaer jeung Agustina (2014, kc.152), yen sikep basa miboga tilu ciri, nya éta :

1. Kasatiaan basa (*language loyalty*), anu ngarojong hiji masarakat tetep make hiji basa kalayan dipertahankeun;
2. Kareueus basa (*language pride*), anu ngarojong hiji jalma pikeun ngamekarkeun katut make hiji basa salaku lambang idéntitas hiji masarakat; jeung
3. Kasadaran ayana norma basa (*awareness of the norm*), anu ngarojong hiji masarakat ngagunakeun hiji basa kalayan sopan jeung santun luyu jeung tetekon.

Nilik kana éta hal, ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun mikanyaho sikep basa santri Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong kana basa Sunda dina kahirupan sapopoé boh dina kagiatan biantara atawa ceramah rutin ditilik tina sikep positif jeung négatif santri dumasar kana aspék kasatiaan, kareueus, jeung kasadaran kana norma basa. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Anderson dina Chaer jeung Agustina (2014, kc.151) anu nétélakeun sikep positif jeung négatif. Salian éta pamadegan lain numutkeun Garvhin jeung Mathiot dina Chaer jeung

Rizal Shidiq Muttaqin, 2018

Agustina (2014, kc.152), nu netelakeun 3 (tilu) aspek sikep basa nyaeta kasatiaan, kareueus jeung kasadaran ayana norma basa.

Saupama ninggali kana kaayaan kiwari, geus katembong aya robahna basa, ngeserna basa ku budaya-budaya lain, balukarna masarakat geus mopohokeun kana basa sorangan nyaeta basa Sunda. Basa Sunda nu jadi basa indung di Jawa Barat kiwari geus mimiti ditinggalkeun ku masarakat, khususnya ku nonoman-nonoman Sunda (santri), santri leuwih reueus make basa Indonesia jeung basa Asing batan make basa Sunda. Saupama geus katembong ciri-ciri siga kitu, kudu aya tarekah pikeun ngukuhan basa hususna basa Sunda salaku basa indung. Chaer jeung Agustina (2014, kc.134) netelakeun yen ngukuhan basa (pemertahanan basa) téh tarékah, sikep atawa ajén masarakat kana hiji basa, pikeun tetep ngagunakeun atawa maké basa Sunda sok sanajan dilingkung basa-basa séjénna nu sifatna mayoritas anu hirup masarakat.

Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan ngeunaan “Sikep Santri kana Basa Sunda (Ulikan Sociolinguistik di Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Kabupaten Garut”, perlu dilaksanakeun. Sebab, ieu panalungtikan can kungsi dilaksanakeun.

1.2. Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Patali jeung panalungtikan ieu, aya 3 (tilu) masalah nu rék di idéntifikasi, nya éta :

- a. Sikep santri kana basa Sunda dumasar kana 3 (tilu) aspék nya éta kasatiaan, kareueus jeung kasadaran ayana norma basa.
- b. Lian ti éta dumasar kana sikep positif jeung sikep négatif na kana basa Sunda.
- c. faktor-faktor naon waé nu mangaruhan sikep santri kana basa Sunda.

1.2.2 Rumusan Masalah

Rizal Shidiq Muttaqin, 2018

Dumasar kana éta hal, masalah ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu dihandap :

- a. Kumaha sikep kasatiaan santri Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut kana basa Sunda ?
- b. Kumaha sikep kareueus santri Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut kana basa Sunda ?
- c. Kumaha sikep kasadaran santri Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut kana norma (tetekon) basa Sunda ?
- d. Faktor-faktor naon waé nu mangaruhan sikep basa santri Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut kana basa Sunda ?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan miboga tujuan umum nya éta pikeun mikanyaho sikep santri Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut kana basa Sunda. Lian ti éta, pikeun ngarojong jeung ngajak sangkan santri atawa nonoman Sunda tetep ngagunakeun basa Sunda, ogé ngamumulé basa Sunda sangkan tetep nanjeur.

1.3.2 Tujuan Husus

Anapon sacara husus nyamiboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun :

- a. Kasatiaan santri Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut kana basa Sunda.
- b. Kareueus santri Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut kana basa Sunda.
- c. Kasadaran santri Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut kana basa Sunda.
- d. Faktor-faktor nu mangaruhan 3 (tilu) aspék sikep basa santri Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut kana basa Sunda.

Rizal Shidiq Muttaqin, 2018

1.4 Manfaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Teoritis

Ieu panalungtikan miboga mangfaat pikeun nambahan élmu pangaweruh di widang sosiolinguistik ngeunaan sikep basa. Panalungtikan ngeunaan sikep basa jadi ukuran dina ngeunyeuhan data nu valid pikeun mikanyaho kaayaan nu maké basa Sunda di tatar Sunda, ogé pikeun mikanyaho kamampuh santri ngagunakeun basa Sunda dina nepikeun biantara jeung kumaha réspón santri dina ngaregepkeun biantara basa Sunda.

1.4.2 Manfaat Praktis

Mangfaat praktis ieu panalungtikan, nya éta :

1. Méré kasadaran sangkan santri tetep ngagunakeun basa Sunda dina nyarita basa Sunda jeung nalika nepikeun biantara ka masarakat;
2. Sangkan nonoman Sunda kegeuing yén basa Sunda téh kudu dijaga tur diriksa, salah sahijina dipaké dina kahirupan sapopoé; jeung
3. Data anu geus dibeunangkeun bisa dijadikeun acuan pikeun ngaronjatkeun *éksistensi* basa Sunda.

1.5 Sistematika Nyusun Skripsi

Dina ieu panalungtikan disusun jadi 5 (lima) bab, nya éta :

- Bab I : mangrupa bab mimiti dina skripsi nya éta nu medar ngeunaan bubuka, dina bab bubuka maluruh ngeunaan kasang tukang panalungtikan, identifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangfaat manalungtikan jeung sistematika nyusun skripsi.
- Bab II : medar ngeunaan tiori-tiori nu patali jeung panalungtikan “Sikep Santri kana Basa Sunda (Ulikan Sosiolinguistik di Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut) minangka dadasar dina ieu panalungtikan, nu nyoko kana 3 (tilu) ciri sikep basa numutkeun Garvin jeung Mathiot dina Chaer jeung Agustina (2014, kc.152), yen sikep basa miboga 3

Rizal Shidiq Muttaqin, 2018

(tilu) ciri, nya éta kasatiaan basa, kareueus basa jeung kasadaran ayana norma basa.

- Bab III : medar ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku kana sababaraha komponen, nya éta lokasi panalungtikan jeung sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data jeung téknik ngolah data.
- Bab IV : maluruh ngeunaan eusi jeung analisis sikep basa santri kana basa Sunda pikeun ngukuhan basa Sunda, nu nyoko kana 3 (tilu) aspék ciri sikep basa. Kaasup maluruh faktor-faktor nu mangaruhan kana sikep basa, nu ngarojong kana ngukuhan basa di lingkungan santri-santri Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut.
- Bab V : mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran pikeun nu nyusun hususna, umumna pikeun nu maca.

Rizal Shidiq Muttaqin, 2018

SIKEP SANTRI KANA BASA SUNDA : Ulikan Sociolinguistik di Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut.
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu